



THE NEW YORK CITY DEPARTMENT OF EDUCATION

JOEL I. KLEIN, *Chancellor*

OFFICE OF THE CHANCELLOR

52 Chambers Street, New York, New York 10007

Pou : **Superintendent rejyonal yo, Superintendent lokal pou ansèyman yo, Superintendent Distri 75, Superintendent lekòl segondè ak pwogram altènatif, Ofisye egzekitif anchèf pou lekòl otonòm, Direktè siperyè Devlopman jennmoun, Direktè Sant operasyon rejyonal, Chèf divizyon ak biwo, Direktè lekòl ki louvri tout jounen, Prezidan Asosyasyon paran e Asosyasyon paran ak pwofesè Parent and Parent-Teacher Association (PA/PTA), Prezidan Asosyasyon United Federal Teacher, Prezidan Konsèy sipèvizè ak administratè Council of Supervisors & Administrators (CSA), Direktè Divizyon lekòl DC 37**

DE : **Kathleen Grimm
Chanselye adjwen nan Depatman finans ak administrasyon**

SIJÈ : **Kalandriye ane akademik pou 2007/08**

DAT : **10 me 2007**

ENTWODIKSYON

Kalandriye ane akademik sa a egzije pou sesyon lekòl yo kòmanse pou tout elèv nan madi 4 septanm 2007, e li gen ladan l yon vakans nan mitan ivè a (lendi, 18 fevriye jouk rive vandredi, 22 fevriye 2008). Li enfòm ke nan madi, 6 novanm 2007 ak nan jedi, 5 jen 2008, elèv ki nan toulèsenk minisipalite yo **pa** gen lekòl, men jou sa yo, yo planifye yon Jounen konferans avèk Chanselye a, nan lekòl ki nan toulèsenk minisipalite yo, pou fòmasyon anplwaye. Se pou yo respekte kalandriye a san okenn eksepsyon, amwenske yo resevwa avi pou lòt chanjman ki vin apre dapre akò negosyasyon kolektif oswa pou lòt rezon, depi tout lòt rezon yo konsistan avèk negosyasyon kolektif oswa obligasyon legal.

2007

Lendi	27	Out	Anplwaye swivan yo fèt pou prezante : Asistan direktè ak sipèvizè entèmedyè ki nan lekòl ke yo pa deziyen pou travay anplis pandan ane a.
Jedi	30	Out	Pwofesè saldeklas, pwofesè bileng nan lekòl ak relasyon kominotè, konseye pedagojik, pwofesè prezans, enfimyè, terapèt, espesyalis laboratwa ak teknisyen, èd pwofesè (esepte pou sekretè lekòl, sikològ ak travayè sosyal) dwe prezante pou yon Jounen pwofesyonèl – oryantasyon pou tout anplwaye. Sekretè lekòl, sikològ ak travayè sosyal dwe prezante pou yon jounen travay nòmal. Anplwaye ki gen tit yo ki pa sou lis la fèt pou konsilte akò negosyasyon kolektif ki aplikab la. Elèv yo pa gen lekòl.
Vandredi	31	Out	Jounen konferans avèk Chanselye a pou fòmasyon anplwaye (jounen travay nòmal pou sekretè lekòl, sikològ ak travayè sosyal). Elèv yo pa gen lekòl.
Lendi	3	Septanm	Jou travay <i>Labor Day</i> .
Madi	4	Septanm	SESYON LEKÒL YO KÒMANSE POU TOUT ELÈV.* RANVWA BONÈ POU ELÈV JADENDANFAN KI PA NAN DISTRI 75 SÈLMAN.

Mèkredi	5	Septanm	Ranvwa bonè pou elèv jadendanfan sèlman.
Jedi	13	Septanm	Rosh Hashanah
Vandredi	14		
Lendi	8	Oktòb	Jou dekouvèt <i>Columbus Day</i>
Madi	6	Novanm	Jou eleksyon Jounen konferans avèk Chanselye a pou fòmasyon anplwaye ki gen rapò avèk Nòm ofisyèl aprantisaj ak evalyasyon elve <i>Regents la</i> . Elèv yo pa gen lekòl.
Lendi	12	Novanm	Jou veteran <i>Veterans Day</i>
Jedi	22	Novanm	Vakans jou aksyondegras <i>Thanksgiving</i>
ak Vandredi	23	Novanm	
Lendi	24	Desanm	Vakans divè (ikonpri Lanwèl ak Joudlan), elèv yo retounen lekòl nan mèkredi 2 janvyè.
jouk rive e ikonpri			
Madi	1ye	Janvyè	

* Y ap soumèt yon kalandriye apa pou elèv ki nan klas anvan jadendanfan.

2008

Lendi	21	Janvyè	Jou konje Dr. Martin Luther King Jr.
Lendi	28	Janvyè	Nan lekòl segondè ki pa nan distri 75 e ki administre Egzamen <i>Regents</i> yo apatide 22 janvyè jouk rive 25 janvyè, elèv yo pap gen lekòl le 28 janvyè, pou yo ka fè evalyasyon, planifikasyon pou re-òganizasyon, ak fòmasyon pwofesyonèl. Lekòl segondè ki pap administre Egzamen <i>Regents</i> fèt pou ofri klas regilyèman le 28 janvyè.
Madi	29	Janvyè	Sesyon otòn fini pou elèv lekòl segondè . Pa gen lekòl pou okenn elèv nan segondè . Jounen konferans avèk Chanselye a ki gen rapò ak Nòm ofisyèl aprantisaj ak evalyasyon elve <i>Regents</i> yo nan tout lekòl segondè . Tout lòt elèv yo gen lekòl . (Gade nan seksyon 4 ak 5 pi ba a pou gen detay sou prezans elèv lekòl segondè le 28 ak 29 janvyè.)
Mèkredi	30	Janvyè	Sesyon prentan kòmanse pou elèv lekòl segondè .
Lendi	18	Fevriye	Vakans nan mitan ivè a (ikonpri Anivèsè Washington)
jouk rive			
Vandredi	22	Fevriye	
Vandredi	21	Mas	Vandredi sen

Lendi jouk rive	21	Avril	Vakans prentan
Vandredi	25	Avril	
Lendi	26	Me	Jou komemorasyon sòlda ki mouri nan lagè <i>Memorial Day</i>
Jedi	5	Jen	Jounen konferans avèk Chanselye a pou fòmasyon anplwaye ki gen rapò avèk Nòm ofisyèl aprantisaj ak evalyasyon elve <i>Regents</i> lan nan toulèsenk minisipalite yo . Anplwaye lekòl yo dwe prezante nan travay si se sa yo egzije nan akò negosyasyon kolektif la. Elèv ki nan toulèsenk minisipalite yo pa gen lekòl.
Madi	17	Jen	Peryòd Egzamen <i>Regents</i> lan kòmanse nan apremidi. Tout elèv gen lekòl nan maten.
Jedi	26	Jen	Nan lekòl segondè ki pa nan Distri 75 e ki administre Egzamen <i>Regents</i> yo apatide 17 jen jouk rive 25 jen, elèv yo pap gen lekòl Jou evalyasyon <i>Regents</i> la, nan jedi 26 jen.
			Dènnye jou pou tout lòt elèv. Selon direktiv ki nan Seksyon 12 ki pi ba a, y ap planifye pou elèv yo kite pi bonè nan jedi 26 jen. Dènnye jou pou tout pwofesè saldeklas, pwofesè bileng nan lekòl ak relasyon kominotè, pwofesè prezans, enfimyè, terapèt, espesyalis laboratwa ak teknisyen, epi dènnye jou pou parapwofesyonèl.
Vandredi ak	27	Jen	Tout lòt anplwaye dwe prezante, esepite pwofesè saldeklas yo, pwofesè bileng nan lekòl ak relasyon kominotè, pwofesè prezans, enfimyè, terapèt, espesyalis laboratwa ak teknisyen ak parapwofesyonèl.
Lendi	30	Jen	

Kalandriye ane akademik la enkòpore antant sa yo :

- Se pou yo itilize de Jounen konferans avèk Chanselye a pou fòmasyon anplwaye yo ki gen rapò ak Nòm ofisyèl aprantisaj ak evalyasyon elve *Regents* yo (6 novanm ak 5 jen nan lekòl elemantè ak pre-segondè, epi 6 novanm ak 29 janvyè nan lekòl segondè);
- Kalandriye sa a pa anpeche yo fè chanjman apre ki ka fèt selon akò negosyasyon kolektif yo oswa pou lòt rezon; sepandan, kalandriye sa a oswa chanjman ki vin fèt annapre yo, pa kapab, nan okenn sikonstans, lakoz yo pèdi èd leta;
- Tout sesyon pi kout ki fèt poutèt yo ranvwaye elèv yo pi bonè ak nenpòt ki lòt chanjman nan kalandriye sa a fèt pou gen apwobasyon Chanselye adjwen depatman Finans ak Administrasyon an, e se pou yo avize paran yo de sa 4 semenn avan;

- Chanselye a fèt pou l itilize otorite li resevwa dapre lalwa lè, yon lekòl pa respekte kalandriye ane akademik pou vil la, lè li fèmen oswa fè sesyon l yo pi kout (jan l defini nan seksyon 8 ki pi ba a) san l pa resevwa otorizasyon alavans de Chanselye adjwen Depatman finans ak administrasyon an.
- Pou evite risk yon rediksyon nan Èd leta, e pou limite enpak sou orè otobis elèv yo, lekòl yo pap fèmen oswa yo pap fè sesyon yo pi kout (jan l defini nan seksyon 8 ki pi ba a) san yo pa resevwa otorizasyon alavans Chanselye adjwen Depatman finans ak administrasyon an.

Tanpri, li avèk atansyon, enfòmasyon swivan an :

1. Kalandriye pou ane akademik 2007/08 la satisfè egzijans Depatman edikasyon leta a *State Education Department* ki mande pou yon minimòm de 180 jou pou leta bay asistans nan tout lekòl nan Distri lekòl vil la.
2. Tout pwofesè ki te nan lekòl ki gen lè pwolonje pral travay menm orè debaz la ak pwofesè ki nan lòt lekòl yo : sizèdtan ak 20 minit avèk sesyon ki dire 37,5 minit nan fen jounen an, de lendi a jedi.
3. Tout lekòl nan vil la ap **louvri** Jou eleksyon, ki se madi, 6 novanm 2007, pou yon Jounen konferans avèk Chanselye a pou fòmasyon anplwaye yo ki gen rapò avèk Nòm ofisyèl aprantisaj ak evalyasyon elve *Regents* yo, e y ap louvri nan **tout minisipalite yo** nan jedi, 5 jen 2008, pou yon Jounen konferans avèk Chanselye a pou fòmasyon anplwaye yo ki gen rapò avèk Nòm ofisyèl aprantisaj ak evalyasyon elve Chanselye a. Le 6 novanm 2007 ak le 5 jen 2008, elèv ki nan **toulèsenk minisipalite yo pap** gen lekòl.
4. Yo pral administre egzamen *Regents* yo pou elèv ki kalifye yo, nan 22-25 janvyè nan tout lekòl segondè ki **pa** nan distri 75. Nan lekòl k ap administre egzamen *Regents* yo, elèv yo p ap gen lekòl le 28 janvyè pou pèmèt yo fè evalyasyon, planifikasyon re-òganizasyon, ak fòmasyon pwofesyonèl. Lekòl segondè ki p ap administre egzamen *Regents* fèt pou ofri klas regilyèman le 28 janvyè.
5. **Tout** lekòl **segondè** planifye pou òganize fòmasyon pwofesyonèl ki gen rapò ak Nòm ofisyèl aprantisaj ak evalyasyon elve *Regents* yo, pou le 29 janvyè. Le 29 janvyè **p ap gen okenn** elèv lekòl **segondè** k ap gen lekòl. Le 28-29 janvyè, elèv ki nan lekòl segondè nan Distri 75 ap gen lekòl. Sesyon prentan pou lekòl segondè ap kòmanse nan mèkredi 30 janvyè avèk yon jounen ansèyman konplè.
6. Tout lekòl ap **louvri** madi, 12 fevriye 2008 e elèv yo **ap** gen lekòl.
7. Kalandriye ane akademik la gen yon vakans nan mitan ivè a ladan l.
8. Akozde Jounen pwofesyonèl ak Jounen konferans avèk Chanselye a, sesyon ki vin pi kout poutèt divès rezon, ak Jounen *Regents* yo, kantite total jou ansèyman yo (jou lè elèv yo prezante lekòl) kapab diferan de kantite jou leta bay asistans. Yon sesyon ki pi kout se nenpòt jou lè lekòl an sesyon pou elèv jadendanfan jouk rive klas 6yèm ane, pou mwens ke 5 èdtan ansèyman, san konte lè lench ak sesyon anplis ki dire 37,5

minit pou elèv ki sible yo, oswa nenpòt jou lè lekòl an sesyon pou elèv klas 7yèm ane ak elèv ki nan klas apre yo, pou mwen ke 5,5 èdtan ansèyman, san konte lè lench ak sesyon anplis ki dire 37,5 minit pou elèv ki sible yo.

9. Kalkil jou leta bay asitans yo enkli ladan yo Jounen konferans avèk Chanselye ak ak Jounen Egzamen *Regents* yo. Selon Règleman Komisyonè a, Jounen konferans avèk Chanselye yo ka gen ladan yo oryantasyon jeneral pou anplwaye yo, devlopman korikolòm, edikasyon sou travay, oswa konferans pwofesè-paran. Yo pa kapab enkli zafè sou administrasyon woutin tankou evalyasyon egzamen oswa devwa elèv, kenbe yon rejis oswa planifikasyon leson.
10. Anpati, kalandriye akademik la konsidere sesyon kout sa yo ki planifye santralman nan tout vil la : Se Chanselye Adjwen depatman Finans ak Administrasyon an ki pou deziyen yo, de sesyon kout pou Konferans pwofesè-paran (youn nan sesyon otòn lan ak youn nan sesyon prentan an), ak lòt sesyon kout Chanselye Adjwen depatman Finans ak Administrasyon an apwouve. Yo pral voye avi apa konsènan tout sesyon kout sa yo ki planifye santralman nan tout vil la. Yo dwe planifye pou yo ranvwaye elèv yo pi bonè dènye jou lekòl la, selon direktiv ki souliye nan seksyon 12 ki pi ba a.
11. Nan lekòl segondè ki pa nan Distri 75 yo e ki administre Egzamen *Regents* yo apatide 17 jen nan apremidi (elèv yo gen lekòl le 17 jen nan maten) jouk rive 25 jen, elèv lekòl segondè yo p ap gen lekòl Jou Evalyasyon *Regents* lan, ki se jedi 26 jen.
12. Pou sa ki konsène ranvwa pi bonè elèv yo, apade sa ki mansyone nan seksyon 11 pi wo a, nan dènye jou lekòl la (jedi, 26 jen 2008), yo dwe anrejistre jou a kòm yon jou ansèyman nòmal pou kesyon de Rapò Prezans Peryòd la, epitou lekòl yo fèt pou yo respekte direktiv swivan yo : Elèv yo dwe al lekòl, yo dwe kontwole prezans elèv yo, se pou yo anrejistre epi rapòte prezans lan kòm yon pati nan prezans mwayèn chak jou, epi elèv yo dwe resevwa ansèyman oubyen konsèy ak asistans, oswa touletwa, lè li nesèsè. Lekòl yo dwe voye avi ba paran yo ak Biwo pou transpò elèv la *Office of Pupil Transportation* omwen 4 semenn alavans, konsènan lè presi yo tabli pou ranvwa pi bonè nan lokal yo.
13. Anvan pou fè demann, alè, pou otorizasyon pou sesyon pi kout nan men Chanselye adjwen Depatman finans ak administrasyon an, se pou w konsidere bagay swivan yo. Nan semenn yo mande pou planifye pou yon sèl sesyon kout pou klas jadendanfan jouk rive klas 6yèm ane, se pou lekòl la an sesyon pandan 25 èdtan ansèyman, san konte lè lench ak sesyon anplis ki dire 37,5 minit pou elèv ki sible yo. Lè yo planifye yon sesyon pi kout pandan yon semenn ki gen kat jou (pa egzantp, lè semenn lan gen yon jou fèt ladan l), lekòl la dwe an sesyon toujou pandan 20 èdtan ansèyman pou semenn sa a, san konte lè lench ak sesyon anplis ki dire 37,5 minit pou elèv ki sible yo. Pou plis enfòmasyon ak espplikasyon sou esepsyon sa yo, adrese demann yo ba Chanselye adjwen Depatman finans ak administrasyon an.
14. Nan yon semenn lè, san konte lè lench ak sesyon anplis ki dire 37,5 minit pou elèv ki sible yo, yo planifye 25 èdtan ansèyman pou elèv jadendanfan jouk rive klas 6yèm ane yo, oswa 20 èdtan nan yon semenn ki gen kat jou, ak yon sesyon kout, Chanselye adjwen Depatman finans ak administrasyon an apwouve, lekòl yo ka deziyen sesyon kout sa a kòm yon jou ansèyman nòmal pou kesyon Rapò prezans peryòd la. Pou

elèv ki nan klas 7yèm ane ak klas ki vin apre yo, gade nan Seksyon 15 ki pi ba a.

15. Pou sa ki konsène klas 7yèm ane ak klas ki vin apre yo, anjeneral, yon sesyon ki kout lakoz ke lekòl la an sesyon pou mwens ke 27,5 èdtan ansèyman minimòm yo egzije pou yon semenn, san konte lè lench ak sesyon anplis ki dire 37,5 minit pou elèv ki sible yo. Kidonk, nan prèske tout ka yo, yon sesyon pi kout pou klas 7yèm ane ak klas ki vin apre yo, ke Chanselye adjwen Depatman finans ak administrasyon an dwe apwouve, yo fèt pou yo deziyen sesyon kout sa a kòm yon jounen ki pa yon jounen ansèyman, pou kesyon Rapò prezans peryòd la. Gen esepsyon ki aplikab pou kòmansman Egzamen *Regents* yo nan madi, 17 jen 2008, nan apremidi, e pou ranvwa pi bonè nan dènye jou lekòl la (jedi, 26 jen 2008 - gade nan seksyon 12 ki pi wo a). Etandone yo egzije pou elèv yo prezan madi, 17 jen nan maten nan lekòl segondè k ap administre egzamen *Regents* yo, e etandone se pou yo respekte egzijans seksyon 12 yo pou dènye jou lekòl la (26 jen), se pou yo anrejistre toude jou sa yo kòm jou ansèyman pou kesyon Rapò prezans peryòd la.
16. **Pou jadendanfan ki pa nan Distri 75**, gen 184 jou leta bay asistans (183 nan Brooklyn ak Queens), ak 185 jou ansèyman.
17. **Pou jadendanfan ak tou klas 1ye ane jouk rive 6yèm ane ki nan Distri 75**, gen 186 jou leta bay asistans (185 nan Brooklyn ak Queens ak Distri 75), 185 ladan yo se jou ansèyman.
18. **Pou klas 7yèm ak 8yèm ane nan vil la, ak klas 9yèm ane nan lekòl pre-segondè**, gen 185 jou leta bay asistans (184 nan Brooklyn ak Queens ak Distri 75), ak 185 jou ansèyman.
19. **Pou lekòl nivo segondè klas 9yèm ane jouk rive klas 12yèm ane**, gen 185 jou leta bay asistans nan tout minisipalite yo, 182 ladan yo se jou ansèyman (nan Distri 75, gen 184 jou leta bay asistans ak 185 jou ansèyman).
20. Aktivite fòmasyon anplwaye yo dwe satisfè bezwen ki obligatwa oswa ki gen gwo priorite, ikonpri enplemantasyon apwòch entegral ansèyman atravè sistèm lan nan domèn lekti e ekriti ak Matematik selon Inisyativ timoun dabò *Children First Initiative*, entèvansyon ak prevansyon vyolans nan lekòl, enplemantasyon *Continuum* pou elèv ki gen andikap, estanda pèfòmans, edikasyon nan domèn lasyans, evalyasyon, elatriye, jan yo gen rapò ak edikasyon jeneral, espesyal e bileng. Sipoze gen yon konsantrasyon apwopriye sou Nòm ofisyèl aprantisaj ak evalyasyon elve *Regents* yo jan yo endike l nan premye pwen enpòtan an ak nan seksyon 3 ak 5 ki pi wo a.
21. P ap gen lekòl Jou travay *Labor Day*, jou *Rosh Hashanah* (2 jou), Jou dekouvèt *Columbus Day*, Jou veteran *Veterans Day* (lè 11 novanm tonbe yon dimanch, Lwa edikasyon egzije pou yo obsève Jou veteran nan lendi 12 novanm), Jou aksyondegras *Thanksgiving Day* ak jou apre Jou aksyondegras, Vakans ivè (lendi 24 desanm jouk rive e ikonpri madi 1ye janvyè; jou Nwèl ak Joudlan ladan tou), Jou Dr. Martin Luther King, Jr, Vakans nan mitan ivè (18 fevriye jouk rive 22 fevriye, ikonpri Jou anivèsè Washington), Vandredi sen, Vakans prentan (21 avril jouk rive e ikonpri 25 avril), ak Jou komemorasyon sòlda ki mouri nan lagè *Memorial Day*. Nan madi, 6 novanm 2007 (Jou eleksyon), e nan jedi, 5 jen 2008 (Jou anivèsè), yo planifye yon Jounen konferans

avèk Chanselye a pou fòmasyon anplwaye **nan toulèsenk minisipalite yo**. Elèv ki nan **toulèsenk minisipalite yo p ap gen** pou yo prezan, nan youn nan jou sa yo. (Dapre Seksyon 2586 nan Lwa edikasyon an, Jou anivèsè se premye jedi nan mwadjen, oswa dezyèm jedi nan mwadjen, lè premye jedi a tonbe menm semenn ak *Memorial Day*). Yo planifye pou yon Jounen konferans avèk Chanselye a nan lekòl segondè yo, nan madi, 29 janvyè 2008.

22. Konsiltasyon oswa negosyasyon, konfòmeman ak kalandriye ane akademik la, te fèt avèk *superintendent* yo, reprezantan paran yo, Komite pou lekòl ki pa lekòl leta yo, ak reprezantan pou negosyasyon kolektif ki apwopriye yo.